

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1. Méthode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif. Méthode mangrupa cara utama anu dipaké pikeun ngahontal hiji tujuan kalawan maké téhnik sarta alat-alat anu tangtu. Pikeun ngahontal udagan, dina ieu panalungtikan dipaké téhnik panalungtikan déskriptif. Méthode déskriptif nyaéta méthode anu ngagunakeun fakta jeung interprétasi anu tepat.


Nurutkeun Suyatna (2002: 14), nétélakeun yén méthode panalungtikan déskriptif nyaéta méthode panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif hungkul, teu hiji hipotésis, teu nyieun ramalan atawa teu meunangkeun ma'na implikasi.

Dina maké ieu méthode diusahakeun ngumpulkeun data, luyu jeung waktu sarta kamampuan anu nyampak, saterusna disusun jadi hiji carita anu sagemblengna. Anu jadi dasar dipakéna méthode déskriptif nyaéta ngadéskripsikeun toponimi wilayah Kecamatan Darangdan.

3.2 Sumber Data

Nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta ngaran-ngaran tempat di wilayah Kecamatan Darangdan Kabupatén Purwakarta.

3.3 Desain Panalungtikan



3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré dina ngayakeun panalungtikan, di handap ieu baris dijelaskeun wangenan operasional anu patali jeung kecap-kecap anu dijadikeun judul.

1. **Toponimi** nyaéta sistem méré ngaran tempat atawa panataan ngaran patempatan.

2. **Mitologi** nyaéta élmu anu ngulik ngeunaan carita rahayat anu sipatna fiksi anu jadi kapercayaan masarakat.
3. **Bahan Ajar** nyaéta matéri, sarana, média, atawa buku penunjang pikeun kagiatan diajar ngajar dina pangajaran basa jeung sastra Sunda.
4. **Ngaregepkeun** nyaéta prosés ngadéngékeun, maham, jeung nyangkem eusi dongéng anu ditepikeun ku guru.
5. **Dongéng** nyaéta carita rékaan (fiksi) anu eusina sok ngandung pamohalan tur ukuranna parondok.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Sudjana dina Halimah (2001:24) nétélakeun yén anu dimaksud instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa cara pikeun nyaring data anu diperlukeun. Anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh nyaéta :

1. Alat pangrékam, anu dipaké pikeun ngumpulkeun data lisan ngeunaan toponimi wilayah Kecamatan Darangdan.
2. Kaméra, anu dipaké dina prosés panalungtikan pikeun dokuméntasi. Di mana ieu kaméra dipaké pikeun nyokot foto tempat panalungtikan sarta narasumber dina panalungtikan.
3. Kartu panalungtikan, ieu kartu eusina ngawengku idéntitas sumber jeung hasil panalungtikan. Conto kartu panalungtikan :

Idéntitas Narasumber
Wasta :
Umur :
Jenis Kelamin :
Alamat :
Atikan :
Pakasaban :
Katerangan :
Tanda tangan :

4. Daptar Patalékan, mangrupa naon anu dijadikeun patalékan dina prosés wawancara dina ieu panalungtikan. Patalékan anu baris diajukeun nyaéta:

- Naon harti tina ngaran éta tempat?
- Kumaha kasang tukang ngaran ieu kampung?
- Naha aya mitos atawa carita anu ngarojong kana kasang tukang ngaran ieu kampung?
- Kumaha leunjeuran caritana?
- Naon bukti kongkrit/fénoména pangna éta tempat dingaranan saperti kitu?
- Ti saha kénging ieu carita mitos?

3.6 Téknik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dipaké téhnik utama nyaéta téhnik wawancara, anapon téhnik tambahan dokuméntasi jeung studi pustaka. Ari léngkah-léngkahna nyaéta:

1. Néangan data statistika kantor Kecamatan Darangdan.
2. Néangan toponimi wilayah Kecamatan Darangdan ku cara ménta data ka narasumber (informan) di unggal kampung.

3.7 Téknik Ngolah Data

Dina ngolah data dipaké téhnik analisis. Sanggeus data dikumpulkeun, tuluy diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti di handap ieu :

1. Mariksa sarta niténan data-data anu geus dikumpulkeun
2. Nganalisis jeung ngadéskripsikeun data, jeung
3. Nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruh.